

Itilizasyon Senti Sekirite Pandan Gwosès

Èske mwen dwe mete senti sekirite?

- Wi Mete senti sekirite w kòmsadwa se bagay ki pi enpòtan ou ka fè pou kenbe oumenm ansanm ak tibebe ou a an sekirite.

Kòman mwen dwe mete senti sekirite mwen?

- Mete senti kwis la anba wonn vant ou pou senti a ka rete sou ranch ou.
- Mete senti zepòl la sou kote vant ou epi an djagonal atravè mitan pwatrin ou ak klavikil ou.

Kòman mwen dwe ajiste kousen mwen?

- Chita dwat nan yon pozisyon ki konfòtab.
- Ajiste kousen ou pou ou ka :
 - Pese pedal fren an rive jis anba pandan pwent pye w sou pedal la.
 - Kenbe pati anwo volan an pandan w ap koube koud ou tou piti.

Kisa mwen dwe fè konsènan airbag (èbag) mwen yo?

- Panche volan ou pou airbag (èbag) la ka bay sou pwatrin ou.
- Ajiste kousen ou ak bwa volan ou pou ka kenbe yon espas dis (10) pous pou pi piti ant airbag (èbag) la ak pwatrin ou.

Kisa mwen dwe fè si mwen nan yon aksidan?

- Chache swen medikal lapoula epi fè moun ki ba w swen gwosès la konn sa, menm si ou pa santi ou blese.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.hcpvs.org

